



Khutbah 'Idul Fithri 1445 H

Ngajawab Panggilan Allah Swt.

Disusun Oleh : H. Abu Mansyur

KEMENTERIAN AGAMA KANTOR KABUPATEN MAJALENGKA
BIMBINGAN MASYARAKAT ISLAM
TAHUN 2024

Khutbah Idul Fithri 1445 H Ngajawab Panggilan Allah SWT.

اللَّهُ أَكْبَرُ (9 X) اللَّهُ أَكْبَرُ كَثِيرًا وَالْحَمْدُ لِلَّهِ كَثِيرًا وَسُبْحَانَ اللَّهِ بُكْرَةً وَأَصِيلًا،
لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ صَدَقَ وَعْدُهُ وَنَصَرَ عَبْدَهُ وَأَعَزَّ جُنْدَهُ وَهَزَمَ الْأَحْزَابَ
وَحْدَهُ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَلَا نَعْبُدُ إِلَّا إِيَّاهُ مُخْلِصِينَ لَهُ الدِّينَ، وَلَوْ كَرِهَ الْكَافِرُونَ
وَلَوْ كَرِهَ الْمُشْرِكُونَ وَلَوْ كَرِهَ الْمُتَافِقُونَ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَاللَّهُ
الْحَمْدُ .

الْحَمْدُ لِلَّهِ الَّذِي فَرَضَ عَلَيْنَا الصِّيَامَ فِي شَهْرِ رَمَضَانَ. وَنَزَلَ الْقُرْآنَ هُدًى
لِلنَّاسِ وَبَيِّنَاتٍ مِنَ الْهُدَى وَالْفُرْقَانِ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ
الْمَلِكُ الْمَنَّانُ. وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ سَيِّدُ وَلَدِ عَدْنَانَ. وَصَلَّى اللَّهُ
وَسَلَّمَ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَهُ إِلَى آخِرِ الزَّمَانِ.
أَمَّا بَعْدُ : أَيُّهَا الْخَاصِرُونَ رَحِمَكُمُ اللَّهُ , أَوْصِيكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللَّهِ وَطَاعَتِهِ
لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُونَ . وَقَالَ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيمِ وَهُوَ أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ أَعُوذُ
بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ
عَلَيْكُمْ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِنْ قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ

Hadirin Jama'ah 'Idul Fithri Rahimakumullah !!

Sadaya rengkak paripolah urang, diatur ku Allah SWT anu Maha Agung, Anu Maha Gagah tur Anu Maha Sampurna. Tos sakedahna, sagala anu karandapan di alam dunya, diyakinkeun yen eta kersaning Allah SWT. Boh urusan pribadi, urusan keluarga, atanapi urusan nagara.

Tapi sanes berarti urang tumamprak sagemblengna kana takdir, sanes berarti cicing teu usaha, sanes berarti teu kudu ikhtiar da sagala kajadian tos diatur. Sanes kitu, urang tetep wajib ikhtiar, wajib usaha sakumaha anu digariskeun dina aturan Allah SWT. Conto mun urang hoyong beunghar maka kudu getol usaha, mun urang hoyong sehat maka kudu disiplin barang tuang, istirahat sareng sajabina.

Pon kitu deui urusan nagara, ayeuna tos ditangtoskeun ku Pamarentah yen anu jadi Presiden jeung Wakil Presiden nyaeta Bapa Prabowo jeung Gibran. Kantun ngeusi ieu nagara ku perkara-perkara anu hade, ku perkara anu ngarojong kana pangwangunan. Hanas masih aya kapanasaranan urusan itu jeung ieu, keun eta mah aya anu ngurusna. Urang mah salaku rakyat, salaku masyarakat, tos ngalaksanakeun kawajiban milih pamingpin ku cara anu diatur ku Pamarentah, minimalna kawajiban masing-masing tos beres, tos usaha tos ikhtiar. Sabab dina akhirna sagala nu terjadi tos diatur ku Gusti Nu Maha Suci, Allah Rabbul Izzati.

Dina lebaran ieu, hayu urang eusi ku cara jeung sikap anu nuduhkeun kana kasucian hate, kasucian pikiran jeung kasucian tingkah laku. Hate sing jembar hampura, ulah aya anu dipikangewa, ucapan sing pinuh ku do'a, ulah aya kalimat anu ngajadikeun batur cilaka, tingkah laku sing rengkuh, ulah tanggah ngarasa aing gagah. Mangga sing bungah, sing someah, kahade dulur kudu diaku, baraya kudu diajak, tatangga kudu kabagean bagja, jeung batur tetep kudu akur, hirup silih asah silih asih silih asuh.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ وَاللَّهُ الْحَمْدُ

Kulantaran hirup tos diatur, maka urang wajib nurut kanu ngatur, nyaeta Allah SWT. Mun urang nurut kanu ngatur, maka hirup pasti bagja, hirup pasti bahagia. Bulan Romadhon jadi conto pikeun urang, sanajan beurat, sanajan haus, sanajan lapar, urang tetap puasa, nurut kana parentahna, alhamdulillah tetap kuat malah tambah sehat. Maka niatan ku urang, siap ngajawab panggilan Allah SWT.

Sapertos dina surat Al-Baqarah ayat 183 ;

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا كُتِبَ عَلَيْكُمُ الصِّيَامُ كَمَا كُتِبَ عَلَى الَّذِينَ مِن قَبْلِكُمْ لَعَلَّكُمْ تَتَّقُونَ

Hartosna : He jalma-jalma anu iman !! (Allah SWT. manggil ka urang, jawab ku urang sing tegas, muhun Gusti abdi jalmi iman. Kedah kumaha abdi ?), diwajibkeun ka aranjeun puasa, (mangga Gusti abdi siap puasa, abdi wungkul anu wajib puasa teh Gusti ?) Geus diwajibkeun oge ka jalma-jalma samemeh aranjeun, (Kunaon abdi kedah puasa Gusti ?) Supaya aranjeun jadi jalma anu taqwa.

Tah kieu kuduna mah mun urang maca qur'an teh, kudu aya semacam obrolan sareng Gusti Allah, mun Al-Qur'an nyaritakeun surga, maka nuhunkeun ka Allah sing janten ahli surga. Mun Al-Qur'an nyaritakeun naraka, maka urang kudu nuhunkeun ditebihkeun tina naraka. Mun ayat anu dibaca mangrupi do'a, maka kuatkeun ku maca aamiin, jeung saterasna.

Dawuh Kanjeng Nabi :

مَنْ أَرَادَ أَنْ يَتَكَلَّمَ مَعَ اللَّهِ فَلْيَقْرَأِ الْقُرْآنَ

Saha Jalmi anu hoyong ngobrol sareng Gusti Allah, mangga kantun baca Al-Qur'an.

Hadirin Jama'ah 'Idul Fithri Rahimakumullah !!

Sadaya parentah Allah SWT. mangrupikeun panggilan pikeun dilaksanakeun. Parentah sholat disebut panggilan sholat, parentah haji disebut panggilan haji jeung saterusna. Satiap parentah pasti ngajadikeun kahadean, moal aya parentah Allah anu nimbulkeun karuksakan, moal aya parentah Allah anu ngajadikeun sangsara.

Sapertos parentah puasa, badan pasti malah jadi sehat, parentah sholat jiwa malah jadi kuat, parentah zakat harta malah jadi manfaat, parentah haji sanajan mahal, kahirupan malah jadi tambah maslahat. Ku sabab kitu, wajar pisan malah wajib, mun satiap panggilan dijawab siap pikeun dilaksanakeun.

Sakumaha Dawuhan Allah SWT. dina Al-Baqarah 184 :

وَقَالُوا سَمِعْنَا وَأَطَعْنَا غُفْرَانَكَ رَبَّنَا وَإِلَيْكَ الْمَصِيرُ

Jeung aranjeuna (para sahabat) nyararios : “Abdi sadaya mireng, abdi sadaya siap ta'at, mung hampura Anjeun Ya Allah (anu dipiharep). Duh Gusti Pangeran abdi sadaya, jeung ka Gusti tempat pangbalikan (abdi sadaya).

Hirup ulah saperti Yahudi, maranehna ngaku iman kana Kitab Taurat, iman ka Nabi Musa AS. tapi malah sulaya kana eusina. Sakumaha Dawuhan Allah SWT dina surat Al-Baqarah ayat 93 ;

قَالُوا سَمِعْنَا وَعَصَيْنَا وَأَشْرَيْنَا فِي قُلُوبِهِمُ الْعِجْلَ بِكُفْرِهِمْ

Maranehna ngaromong : “*Kami ngadenge (kana parentah) tapi kami asoy kami ma’shiyat (moal nurut). Jeung geus dipinuhan hate maranehna ku (nyembah) anak sapi sabab maranehna kufur*”

Matak pantes, mun aya parentah Allah SWT. anu teu dilaksanakeun, ku Kanjeng Nabi sok disarupakeun jeung Yahudi atawa Nashrani. Saperti parentah haji, mun teu dilaksanakeun padahal mampu, maka pilih maotna rek yahudi atawa Nasrani. Na’udzu billah min dzalik. Sakumaha dawuhan Kanjeng Nabi ;

قَالَ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ: مَنْ لَمْ تَحْسِبْهُ حَاجَةً ظَاهِرَةً أَوْ مَرَضٌ حَاسِسٌ
أَوْ سُلْطَانٌ جَائِرٌ وَلَمْ يَحُجَّ فَلَيْمَتْ إِنْ شَاءَ يَهُودِيًّا وَإِنْ شَاءَ نَصْرَانِيًّا

Rasulullah SAW ngadawuh : Saha jalmi anu teu aya pangabutuh darurat, atawa panyakit anu ngahalangan, atawa sabab pamingpin anu zholim (ngalarang ibadah), tuluy teu pernah haji (daftar haji) pek pilih, rek maot Yahudi atawa Nasrani (HR.Baihaqi)

Hadits ieu negeskeun, yen ngajawab panggilan Allah SWT. nyaeta haji, penting pisan kangge dilaksanakeun. Anu teu acan daftar mangga siapkeun pikeun daftar, anu tos daftar kahade ulah dibatalkeun, anu tos kapaksa ngabatalkeun enggal daftar deui.

Sabab lamun tos terdaftar jadi calon haji, hakekatna tos ngalaksanakeun kawajiban, sanajan mungkin moal kalaksanakeun haji sabab kaburu maot atawa hahalang anu sejenna. Malihan ku aturan ayeuna, porsi hajina tiasa diwariskeun ka kulawarga, sahingga kulawarga teu kudu lami daftar, tapi tiasa ibadah haji.

Umroh sae pisan, tapi ibadah umroh teu tiasa ngagugurkeun kawajiban haji, kawajiban haji zaman ayeuna nyaeta ku daftar jadi calon haji. Insya Allah upami urang gaduh niat anu sae, pasti ku Allah SWT. bakal dipaparin jalan pikeun ngalaksanakeunnana.

اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ وَاللَّهُ الْحَمْدُ

Hadirin kaum muslimin muslimat rahimakumullah !!

Idul fithri katelahna balik deui kana kasucian, diri urang anu tadina kotor lamokot ku dosa, disucikeun ngalangkungan ibadah puasa. Iman urang anu lemah, dikuatkeun deui ngalangkungan ibadah puasa. Taqwa urang anu lalawora, disampurnakeun deui ku ibadah puasa. Mangga urang sasarengan, nguatkeun itikad pikeun ngajawab sateuapa panggilan Allah SWT.

Mudah-mudahan ku kamulyaan dinten lebaran ieu, urang dikuatkeun ku Allah SWT. kanggo siap sholat, siap zakat, siap puasa, siap daftar haji, siap jujur, siap akur jeung dulur, siap someah ka balarea, siap ngalaksanakeun amanah mangrupa harta, kulawarga, jabatan, kahormatan jeung sajabana.

لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ مُحَمَّدٌ رَسُوْلُ اللَّهِ صَلَّى اللَّهُ عَلَيْهِ وَسَلَّمَ 3x

Ya Allah Pangeran abdi

Mung ka Anjeun Ya Allah abdi sadaya nuhunkeun pitulung

Abdi yakin Anjeun Maha Nyaksian kana kalakuan abdi

Abdi yakin Anjeun Maha Uninga kana sadaya gerentesna hate abdi

Abdi yakin Anjeun Maha Kawasa kana ngabulak balikeun hate abdi

رَبِّ اغْفِرْ لِيْ وَارْحَمْنِيْ وَاجْبُرْنِيْ وَارْفَعْنِيْ وَارْزُقْنِيْ وَاهْدِنِيْ وَعَافِنِيْ وَاعْفُ عَنِّيْ

Duh Gusti Pangerah Abdi

Hapunten dosa abdi, dosa kulawarga abdi, dosa ibu rama abdi, dosa

guru-guru abdi, dosa kaum muslimin muslimat sadaya

Rumaos abdi sadaya lalawora dina ibadah

Pasihian abdi sadaya kadeudeuh sareng kanyaah

Tambal tingkah laku abdi sadaya anu salah

Luhurkeun darajat sareng kahormatan abdi sadaya dugi ka merenah

Pasihian abdi sadaya rizki anu seueur halal tur barokah

Pasihian abdi sadaya pituduh kanggo tiasa ibadah

Sehatkeun jiwa raga abdi sadaya supados hate janten tumaninah

Hapunten abdi sadaya anu seueur milampah perkara anu tojaiyah

Mugia Allah Rabbul 'Izzati maparin kakiatan taufiq sareng hidayah

Tiasa ngajawab sadaya panggilan Allah ...

Aamiin Ya Robbal 'Aalamiin !!

يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا أَطِيعُوا اللَّهَ وَأَطِيعُوا الرَّسُولَ وَأُولِي الْأَمْرِ مِنْكُمْ

He jalma-jalma anu iman, geura ta'at anjeun ka Allah ta'at ka Rasul Allah, jeung ta'at ka Pamarentah (salami Pamarentah henteu ngalarang ibadah sareng henteu marentah maksiyat)

بارك الله لي ولكم في القرآن العظيم ونفعني وإياكم بما فيه من الآيات والذكر الحكيم وتقبل مني ومنكم تلاوته انه هو السميع العليم.

Khutbah Kadua

اللَّهُ أَكْبَرُ (7x) لَا إِلَهَ إِلَّا اللَّهُ وَاللَّهُ أَكْبَرُ اللَّهُ أَكْبَرُ وَلِلَّهِ الْحَمْدُ
الْحَمْدُ لِلَّهِ نَحْمَدُهُ وَنُسْتَعِينُهُ وَنَسْتَغْفِرُهُ وَنَعُوذُ بِاللَّهِ مِنْ شُرُورِ أَنْفُسِنَا وَمِنْ سَيِّئَاتِ
أَعْمَالِنَا مَنْ يَهْدِهِ اللَّهُ فَلَا مُضِلَّ لَهُ وَمَنْ يَضِلَّهُ فَلَا هَادِيَ لَهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ
إِلَّا اللَّهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيكَ لَهُ وَأَشْهَدُ أَنَّ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُولُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اَللَّهُمَّ صَلِّ
وَسَلِّمْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ وَمَنْ تَبِعَ هَدَاهُ.
فِيَاءُيُهَا الْحَاضِرُونَ اِتَّقُوا اللَّهَ الَّذِي تَسَاءَلُونَ بِهِ وَالْأَرْحَامَ إِنَّ اللَّهَ كَانَ عَلَيْكُمْ
رَقِيبًا. وَقَالَ عَزَّ مِنْ قَائِلٍ وَهُوَ أَصْدَقُ الْقَائِلِينَ أَعُوذُ بِاللَّهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيمِ
بِسْمِ اللَّهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيمِ إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا
صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا. اَللَّهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ
وَصَحْبِهِ أَجْمَعِينَ.

أَمِينَ يَا رَبَّ الْعَالَمِينَ. اَللَّهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِينَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِينَ وَالْمُؤْمِنَاتِ
الْأَحْيَاءِ مِنْهُمْ وَالْأَمْوَاتِ إِنَّكَ سَمِيعٌ قَرِيبٌ مَجِيبُ الدَّعَوَاتِ. اَللَّهُمَّ ثَبِّتْنَا عَلَى
الْإِيمَانِ وَتَوَقَّنَا مَعَ الْإِيمَانِ وَلَقِّنَا بِكَلِمَةِ الْإِيمَانِ. اَللَّهُمَّ رَبَّنَا تَقَبَّلْ مِنَّا إِنَّكَ أَنْتَ
السَّمِيعُ الْعَلِيمُ. وَتُبْ عَلَيْنَا إِنَّكَ أَنْتَ التَّوَّابُ الرَّحِيمُ. رَبَّنَا هَبْ لَنَا مِنْ أَزْوَاجِنَا
وَدُرِّيَّاتِنَا قُرَّةَ أَعْيُنٍ وَاجْعَلْنَا لِلْمُتَّقِينَ إِمَامًا. رَبَّنَا آتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَفِي الْآخِرَةِ
حَسَنَةً وَقِنَا عَذَابَ النَّارِ.

عِبَادَ اللَّهِ , إِنَّ اللَّهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيتَاءِ ذِي الْقُرْبَى وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ
وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُونَ. فَادْكُرُوا اللَّهَ الْعَظِيمَ يَذْكُرْكُمْ وَاشْكُرُوهُ
عَلَى نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ وَلَذِكْرُ اللَّهِ أَكْبَرُ